

Chè pwopriyetè ak patisipan nan pwogram Seksyon 8 lan,

Pandan Ajans Lojman Vil New York (New York City Housing Authority, NYCHA) ap kontinye kolabore men nan lamen ak Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (NYC Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) la pou siveye Kowonaviris (COVID-19) la, nou te vle enfòmasyon w konsènan nouvo mezi Ajans Lojman an ap pran:

- **Kanpe tout aksyon sispansyon pandan Vil la nan eta dijans, pandan omwens 60 jou.** Sa gen ladann aksyon sispansyon ki gen pou wè ak re-sètifikasyon anyèl, enspeksyon ak fwòd.
- **Dat reyèl pou re-sètifikasyon anyèl ak enterimè yo ki antrene yon ogmantasyon nan pòsyon lwaye lokatè a dwe peye, fikse pou 1ye me 2020 oswa pi ta toujou.** Sa pral anpeche yon ogmantasyon imedyat pou fwaye kay yo pandan peryòd tan sa a.

Kòm rapèl, tanpri sonje sa ki annapre a:

- Extranet Pwopriyetè an ak Pòtay Sèlf Sèvis la pral kontinye disponib pou prezante demann sou Entènèt, pou voye dokiman epi pou konnen nan ki pwen yo rive travay sou demann yo.
- N ap fè etap enpòtan sa yo pou kenbe kominote nou yo an sekirite. Nou ankouraje pwopriyetè lojman Seksyon 8 yo pou yo fè sa tou, epi pou yo dezenfekte tout kote moun pase anpil epi zòn tout moun itilize an komen yo. Si ou poko fè sa deja, pwopriyetè lojman yo ta dwe modifye pwosedi antretyen woutin yo pou pwòpte zòn sa yo pi souvan.

Nou pral kontinye ba w mizajou osijè COVID-19, lè nou resevwa enfòmasyon yo. Si ou gen nenpòt kesyon oswa preyokipasyon, tanpri rele Sant Kontak ak Kliyan (Customer Contact Center, CCC) an nan 718-707-7771.

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan COVID-19 la, al gade nan nyc.gov/coronavirus.

Mèsi pou kowoperasyon w.